


# “BOZUǴLAN” DÁSTANINDA KÓMEKSHI SÓZLER

Kadirniyazova Biybijamal

Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti studenti

https://doi.org/10.5281/zenodo.15463322

ARTICLE INFO

Received: 5 th May 2025
Accepted: 10th May 2025
Published: 19th May 2025

KEYWORDS

*kómekshi sóz shaqapları, tirkewish, túpkilikli tirkewishler, dánekerler, gáptiń birgelikli aǵzaları, qospa gáp, jay gáp, grammatikalıq qatnas, morfologiyalıq kategoriya, sóz ózgertiwshi affiks, sóz jasawshı affiks, janapaylar, leksikalıq máni, sóz dizbegi.*

ABSTRACT

*Maqalada Bozuǵlan dástanı tilinde kómekshi sózlerdiń qollanılıw ózgeshelikleri úyrenilgen. Tirkewish, dáneker hám janapaylar dástannan alınǵan mısallar járdeminde ashıp kórsetilgen.*

Biziń altın ǵáziynemiz esaplanǵan folklorimızdaǵı “Bozuǵlan “ atlı ádebiy miyrasımız qaraqalpaq milliy ádebiy tiliniń tarıyxında ayrıqsha orın iyeleydi. Bul dástanda qaraqalpaq xalqınıń awızeki sóylew tiliniń oǵada bay leksikalıq, fonetikalıq, morfologiyalıq ózgeshelikleri kózge tùsedi. Biz maqalada dástan tilindegi kómekshi sózlerdiń qollanılıw ózgesheliklerin úyrenemiz.

“Bozuǵlan” dástanı tilinde kómekshi sóz shaqaplarında házirgi ádebiy tilimizge salıstırǵanda ulıwma uqsaslıqlar bolıw menen birge ózine tán bolǵan ózgeshelikler de kórinedi.

***Tirkewishler.*** Bozuǵlan dástanında tirkewishlerdiń tómendegi túrleri ushırasadı. Túpkilikli tirkewishlerge óziniń jeke turǵandaǵı leksikalıq mánisinen birotala ayrılǵan kómekshi sózler kiredi. Dástanda túpkilikli tirkewishlerdiń tómendegi túrlerin kóriwimizge boladı:

Barıwı *menen* keliwi…
Árman *menen* názik beli talmay ma…
Árman *menen* kózi tolı jas boldı…
Urıspaǵa dáw *menen*,
Batırlar talaman boldı....*(98-bet).*
Babaxan *menen* urısıwǵa tayarlıǵın kórip atır... *(98-bet).*

Bul mısallarda tirkewishler ózleri dizbeklesken sózler menen obyektlik qatnasta kelgen.

Hiyle *menen* shaytan wayran etipti,
Túrli jolǵa salıp sársan etipti... *(128-bet)*

– ushın tirkewishi ataw hám iyelik sepligindegi sózlerdi basqarıp kelgen.

Mısalı: ótkenlerdiń kegi *ushın.* Oken gùnam *ushın* meni óltirsin.

– Aǵa, heshkimnen jábir-zulım kelgen joq, heshkimniń qanın meniń *ushın* moyınıńa júkleme, aǵa!-dedi...*(130-bet).*

Bul tirkewishler óziniń dizbeklesip hám basqarıp keletuǵın sózleri menen birlikte sebep, sın, maqset, birgelik, qarım-qatnas sıyaqlı mánilerdi ańlatadı.

**Dánekerler.** Dánekerler sóz benen sózdiń, sóz toparlarınıń, sonday-aq, gáptiń birgelikli aǵzaları menen qospa gáptiń quramındaǵı jay gáplerdiń araların baylanıstırıw ushın qollanılatuǵın kómekshi sóz shaqaplarınıń biri bolıp esaplanadı. Dánekerler de basqa kómekshi sózler sıyaqlı shıǵısı jaǵınan mánili sózler bolǵan. Olar házirgi waqıtta óziniń dáslepki leksikalıq mánilerinen ayırılıp, birgelikli aǵzalar menen qospa gáptegi jay gáplerdiń arasındaǵı hár túrli grammatikalıq qatnaslardı bildiriwshi kómekshi sózlerdiń qatarına ótken. Al, geyparaları elege deyin mánili sóz sıpatında hám dáneker sıpatında qollanıladı [1.131]. Dánekerler tirkewishler yamasa janapaylar sıyaqlı, tek belgili sózge ǵana dizbeklesip kelmeydi, al sóz benen sózdiń, sóz toparlarınıń, birgelikli aǵzalardı qospa gáptegi jay gáplerdiń araların baylanıstırıp keledi. Dánekerler ózgermeytuǵın morfologiyalıq kategoriya. Sebebi, olar sóz ózgertiwshi hám sóz jasawshı affikslerdi qabıl etpey, turaqlı, qáliplesken túrde qollanıladı. «Bozuǵlan» dástanında dánkerlerdiń tómendegidey túrleri ushırasadı. Mısalı:

**Biriktiriwshi dánekerler:**

Qayǵı **menen** uwayım,
Aqıl esin aladı.
Ashırqasa joldan shıǵıp,
Selew **men** juwsan teredi... *(20-bet)*

**Gezekles dánekerler:**

Qayǵısı kem-kem artadı,
**Gá** juwırıp, **gá** jortıp,
Teńlik tappay xanınan... *(20-bet)*
Aq kiyiktiń **gá** tozańın,
**Gá** qarasın kóredi... *(138-bet)*

**Awıspalı dánekerler:**

Ashılǵan gúlleriń lalazar,
Dushpanbısań **ya** qáwender.
**Ya** basshısań joq, **ya** qosshısań joq,
Bayan et atı jónińdi... *(88-bet)*

**Janapaylar.** Janapaylar – morfologiyalıq jaqtan ózgermeytuǵın, anıq leksikalıq mánini ańlatatuǵın, dara turıp qollanılıw múmkinshiligine iye emes kómekshi sózlerdiń toparınan bolǵan sóz shaqaplarınıń bir túri. Olar sózge, sóz dizbegine, al geyde pútkil gápke qosımsha hár túrli yaki ústeme máni beriw ushın, sonday-aq, modallıq, ishki sezimlik, tásirlilik mánilerdi bildiriw ushın qollanıladı. Janapaylar basqa kómekshi sózler sıyaqlı shıǵısı jaǵınan mánili sózler bolıp tabıladı. Biraq tildiń uzaq tariyxıy rawajlanıw procesinde olar kem-kemnen ózleriniń dáslepki tolıq materiallıq mánisinen alıslap hám abstrakciyalasıp kómekshi sózlerdiń toparına, yaǵnıy janapay sózlerge aynalǵan [2]. «Bozuǵlan» dástanında qollanılǵan janapaylarǵa tómendegilerdi mısallar keltirsek boladı:

Mısalı: Ol **da** ózimizdey adamnıń balası shıǵar, qarap júrgen adamdı qaǵıp qalmas. bolatuǵın ba edi... *(49-bet)*

Xannıń atı **da** seniki, tonı **da** seniki, bizge janımız qayǵı...

Asan qálpe atıń hám ózińdiki, tonıń hám ózińdiki, aylandırıp bizdi ólim bazarına aydap kelgen ekenseń ǵoy, mına saltanattı tutqan adam tek bolatuǵın **ba** edi...

Xannıń atı **da** seniki, tonı **da** seniki, bizge janımız qayǵı... *(42-bet)*
Aybatın onıń kórgende,
Arıslan **da** qorıqqanday... *(101-bet)*

Juwmaqlastırıp aytqanda, “Bozuǵlan” dástanı qaraqalpaq ádebiy tiliniń rawajlanıwında tıykarǵı orındı iyeleydi. “Bozuǵlan” dástanı tiliniń izertleniwi boyınsha alınǵan nátiyjeler qaraqalpaq tili rawajlanıw basqıshların ùyreniwde teoriyalıq hám ámeliy áhmiyetke iye.

**Пайдаланылған әдебиятлар:**

1. Баскаков Н.А. Каракалпакский язык. Москва, 1952. –С.131.
2. Қырғыз адабий тилиниң грамматикасы. Фрунзе «Илим», 1980.
3. Е. Дәӯенов. Қарақалпақ тилинде көмекши сөзлер. Нөкис, 1994.
4. Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиниң грамматикасы. Нөкис, «Билим»,

INNOVATIVE ACADEMY